



Pou Piblikasyon Imedya: 10/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN JULIE LAFAVE KÒM DIREKTÈ GRAN FWA ETA NEW YORK LA

### *Eksperyans ak lidèchip LaFave fè Fwa a oryante nan direksyon kwasans ak pwogrè kontinyèl*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Julie LaFave kòm Direktè Gran Fwa Eta New York (Great New York State Fair) la. Li te sèvi kòm Direktè Operasyon an 2023 anvan yo te nonmen l Direktè Pwovizwa nan kòmansman ane sa a, seleksyon LaFave a jwe yon wòl entegral nan asire kwasans kontinyèl, inovasyon ak siyifikasyon kiltirèl Fwa a, pandan y ap asire tou prezèvasyon tradisyon ancheri, enklizivite ak atmosfè familyal ki mete aksan sou evènman anyèl yo pi renmen nan New York la. Yo te chwazi LaFave pou pozisyon an apre yon rechèch nan tout peyi a ki te atire yon pakèt kandida ki trè kalifye.

"Eksperyans Julie kòm Direktè Operasyon ak Direktè Pwovizwa, ansanm ak kreyativite ak konesans li, se yon avantaj enkwayab pou kwasans alontèm ak vitalite Gran Fwa Eta New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m akeyi li ofisyèlman kòm Direktè youn nan tradisyon nou renmen anpil yo, epi mwen pa ka tann pou m travay avèk li pandan n ap kontinye envesti epi devlope ekspozisyon kiltivatè, pwodwi, kilti ak divèsite ekstrawòdinè New York yo."

Kòm Direktè Pwovizwa a, LaFave te dirije planifikasyon Fwa 2024 la, li te ede jenere momantòm epi mete youn nan pwogram amizman ki pi divès, dinamik e ki pi favorab pou fanmi yo ak espektak ki soti nan aksyon ki fèt pou timoun yo rive nan atis ki genyen prim Grammy ak atis Rock-and-Roll Hall of Fame. Anplis de sa, LaFave te travay pou devlope plizyè atraksyon inovan ki demontre enpòtans inisyativ agrikòl Eta a nan ranfòse ekonomi New York, efò touris, ak efò edikasyon yo. Anvan wòl li kòm Direktè Pwovizwa a, LaFave te sèvi kòm Direktè Operasyon Fwa a, li te jere operasyon chak jou Teren Fwa Eta New York yo, ki gen ladan sipèvizyon kontra, bidjè, plis pase 50 building ki gaye sou 152 ekta, ak plis pase 100 anplwaye aplenta ak a tan pasyèl.

**Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard A. Ball, te deklare,** "Julie te pran relè depi lè li te rantre nan Fwa a epi li te yon lidè solid, k ap travay ak ekip Fwa Eta a ki vrèman gen talan, pou devlope anpil nouvo inisyativ enteresan epi asire nou rete konsantre sou agrikilti anvan tout bagay. Eksperyans, pasyon ak panse inovan Julie

deja ogmante Fwa ane sa a, e kounye a, ak lidèchip li kòm Direktè, mwen pa gen dout ke Fwa ane sa a pral vrèman youn pou nou sonje."

**Direktè Fwa Eta New York Julie LaFave te deklae,** "Mwen pa ta ka plis eksite pou yo nonmen m Direktè Gran Fwa Eta New York la epi jwe yon wòl nan grandi yon tradisyon ete ki kaptive Nouyòkè yo pandan plis pase 175 ane. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te nonmen mwen nan wòl enpòtan sa a ak ekip mwen an isit la nan Fwa a ki ap travay san pran souf pou asire ke patisipan yo pati ak santi ke Fwa 2024 la te youn nan pi bon yo jiska dat."

Avan li te rantre nan Fwa a an 2023, LaFave te etabli yon bon repitasyon pou jesyon estratejik kòm Komisè Depatman Pak, Rekreyasyon, ak Pwogram Jèn pou Vil Syracuse, ki gen ladann yon dosye pwouve nan sipèvize gwo bidjè anyèl, plizyè -pwojè amelyorasyon kapital milyon dola, jesyon anplwaye, ak planifikasyon, pwomosyon, ak kowòdinasyon evènman enpòtan. LaFave te jwe yon pati entegral nan kowòdinasyon ak lojistik pou plizyè evènman nan gwo echèl, tankou Taste of Syracuse, ki regilyèman atire plis pase 100,000 vizitè sou yon peryòd de jou. Eksperyans adisyonèl li ap fonksyone nan rekreyasyon, ansanm ak patisipasyon lidèchip li ak divès konsèy atravè rejyon Santral New York la te ba li anpil eksperyans ak konesans nan pwodwi evènman klas mondyal tankou Fwa a.

Anons sa a baze sou investisman odasye Gouvènè Hochul nan agrikilti ak plan li pou sipòte opòtinite kwasans ak revitalizasyon pou tout fwa nan New York. Bidjè 2024 ki adopte a bay finansman kle pou fwa konte New York yo ak Gran Fwa Eta New York la, ki se eleman enpòtan nan agrikilti New York ki konekte piblik la ak endistri enpòtan sa a ak tradisyon li yo. Bidjè a gen ladan yon investisman 2 milyon dola nan fwa konte yo pou ede nan maketing ak pwomosyon yo nan yon efò pou respekte [anajman Gouvènè Hochul](#) pou amelyore kowòdinasyon ant fwa konte yo ak Gran Fwa Eta New York la epi ogmante opòtinite pou amelyore inisyativ pwogram jèn ak agrikòl nan tout fwa yo nan tout eta a.

Fwa a ap kòmanse mèkredi, 21 out, epi l ap kontinye jiska Fèt Travay la, lendi 2 septanm. Admisyon, pakin ak tikè pou Midway Fair ki popilè a kounye a epi l ap vann epi yo ka achte yo lè w [vizite sitwèb Gran Fwa Eta New York la](#).

Admisyon nan Gran Fwa Eta New York lachaje ak valè e li gen ladann aksè ak 39 ak anrejistremman nasyonal. Pral gen yon konsè chak jou 1 p.m. ak 6 p.m. nan **Chevy Court** (ki sitiye tou pre Gate 1), ak yon konsè chak jou 8 p.m. nan **Suburban Park** (ki sitiye sou ekstremitè lwès Teren Kan, pi lwen pase Midway la). Mizajou konsè yo disponib sou sitwèb Fwa a nan paj ki dedye a [Chevy Court](#) ak [Suburban Park](#).

Fonde an 1841, Gran Fwa Eta New York la mete an valè sa ki pi bon nan agrikilti New York la, ofri bon jan kalite divètisman, epi li se yon eleman enpòtan nan kad estrateji [CNY Rising](#) eta a pou devlope ekonomi rejyon New York Santral la gras a

touris. Li se pi ansyen fwa nan Etazini epi yo toujou rekonèt li kòm youn nan senk premye fwa eta nan nasyon an.

Kote yo fè Gran Fwa Eta New York la se yon konplèks pou espektak ak ekspozisyon ki mezire 152 ekta epi ki fonksyone pandan tout ane a. Yo ankouraje odyans yo pou yo aprann plis sou Gran Fwa Eta New York la sou entènèt, navige foto yo sou [Flickr](#), epi swiv amizman sou [Facebook](#), [X](#) ak [Instagram](#).

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)